# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

दिल्ली अउर राष्ट्रीय राजधानी इलाका में आजु भिन्नहीं पांच बजि के छत्तीस मिनट पर भुइंडोल क झटका महसूस कइल गइल। राष्ट्रीय राजधानी क्षेत्र में आवे वाला प्रदेस के गौतमबुद्धनगर अउर गाजियाबाद के सथहीं कई जिलन में येह झटका के नाते लोगि अपने घर से बहरे आ गइलें। नेशनल सेंटर फॉर सिस्मोलॉजी के मोताबिक एकर तीव्रता चारि दसमलव सुन्न मापल गइल। भुंइडोल क केन्द्र राष्ट्रीय राजधानी नई दिल्ली के करीब रहल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भुंइडोल क झटका के बाद सबसे सुरक्षा अउर सावधानी क पालन कइले क अरज कइले हवें। श्री मोदी एगो सोसल मीडिया पोस्ट में नागरिकन के सम्भावित झटका के प्रति सतर्क रहले क सलाहि दिहलें।

**********

प्रदेस विधानमण्डल क बजट सत्र बिहने से सुरू होखे जा रहल हौ। सत्र के तइयारियन के क्रम में आजु विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना क अध्यक्षता में सर्वदलीय बइठकी भइल। बइठकी में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो हिस्सा लिहलें। बइठकी में विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना सदन के सुव्यवस्थित चलवले में सज्जो सदस्यन क सहजोग मंगलें। सर्वदलीय बइठकी के बाद विधानसभा अध्यक्ष मीडिया से बातचीत कइलें–

***बहुत एक पॉजिटिव माहौल के अंतर्गत बैठक हुई है सबने विधानसभा को अच्छी तरिके से चलाने अपने सहयोग के लिए हमारे को आश्वासन दिया।***

**********

प्रयागराज महाकुंभ में सरधालुअन की ओरि से आस्था क डुबकी लगवले क सिलसिला जारी हौ। आजु संझा चारि बजे ले मिलल खबरि के मोताबिक एक करोड़ आठ लाख सरधालु पवित्र संगम में नहा चुकल रहलें। सरधालुअन क भारी भीड़ि के देखत प्रयागराज जिला में प्रसासन अउर पुलिस यातायात क इंतिजाम के चाक–चौबंद कइले में जुटल हवें। भारी भीड़ि के नाते उत्तर रेलवे प्रयागराज के संगम रेलवे स्टेसन के यात्रियन बदे अट्ठाइस फरौरी के राति बारह बजे ले बन्द रखले क फैसिला कइले हौ। उत्तर रेलवे लखनऊ मण्डल क वरिष्ठ मंडल वाणिज्य प्रबंधक कुलदीप तिवारी आजु बतवलें कि ई स्टेसन पहिले से बन्न चलत रहे। एकरे बन्न भइले क अवधि बढ़ा दीहल गइल हौ। पश्चिम बंगाल क राज्यपाल सीवी आनंद बोस अउर समाजवादी पारटी क सांसद धर्मेन्द्र यादवो आजु प्रयागराज महाकुंभ में पहुंचलें। राज्यपाल मीडिया से बतियावत कहलें कि कुंभ भारत क संस्कृति अउर परम्परा क सर्वश्रेस्ठ प्रतिनिधित्व करे ला।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि दुनिया क सबसे बड़हन आध्यात्मिक अउर सांस्कृतिक आयोजन प्रयागराज महाकुंभ से लाखों लोगिन के रोजिगारो मिलल हौ। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में युवा उद्यमियन के साथे बातचीत करत रहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री उत्तर प्रदेस के निवेस क हब बनावे बदे उठावल गइल कदमो क जनकारी दिहलें।

***प्रदेश इन्वेसटमेंट का एक बेहतरीन डेस्टिनेशन के रूप में उभरे इसके लिए हमलोगों ने सिंगल विन्डो प्लेटफार्म तो दिया ही लैंडबैंक भी दिया सुरक्षा का एक बेहतरीन माहौल भी दिया और एक एक स्तर पर मॉनीटरिंग के मैक्निजम को इतना मजबूत किया कि आज कोई एक बार आता है तो उसको लगता है कि हा मुझे अपना निवेश यूपी में करना चाहिए।***

मुख्यमंत्री नौजवान उद्यमियन से प्रदेस सरकार क महत्वाकांक्षी एक जिला एक उत्पाद योजनो पर चरचा कइलें।

**********

बनारस में काशी–तमिल संगमम क तिसरका संस्करण में आजु तिसरका दिन्ने तमिलनाडु से आइल किसानन क समूह हनुमान घाट पहुंचि के गंगा में नहइलस। एइजा ऊ लोगि आचार्यन से गंगा के घाटन क इतिहास क पुरहर जनकारी लिहलें।

**********

केन्द्रीय पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत आजु बनारस क केन्द्रीय उच्च तिब्बती सिक्षा संस्थान सारनाथ क सोरहवां दीक्षात समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि आजु भारत क प्रगति में नौजवानन क खास भूमिका हौ। दीक्षांत समारोह के प्रदेस सरकार क पर्यटन मंत्री जयवीर सिंह अउर केन्द्रीय उच्च तिब्बती सिक्षा संस्थान क कुलपति प्रोफेसर वांगछुक दोर्जे नेगी सम्बोधित कइलें।

**********

मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह आवे वाला यूपी बोर्ड परीक्षा क तइयारियन के ले के वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से आजु सज्जो मण्डलायुक्तन, जिलाधिकारियन अउर सीनियर पुलिस अधिकारियन के जरूरी दिसा–निरदेस दिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि परीक्षा में नकल क कउनों गुंजाइस नाही होखे के चाही। मुख्य सचिव एसटीएफ अउर एलआईयू के ओरि से संवेदनसील अउर अतिसंवेदनसील परीक्षा केन्द्रन क खास निगरानी कइल गइले अउर परीक्षा केन्द्रन के लग्गे ध्वनि बिस्तारक यंत्र क प्रयोग न होखे दिहले क निरदेस दिहलें।

**********